

Agatabu menyeshamakuru

Gusaba ubuhungiro mu Bubiligi



Kirundi

Ibirimwo

1. Gutanga Ubuhungiro mu Bubiligi	4
2. Ni ryari wosaba gukingirwa ku rugero mpuzamakungu mu Bubiligi?	5
3. Ivyiyumviro bimwe bimwe bihambaye	6
3.1 Ugasaba Ubuhungiro ni iki?	6
3.2 Ninde ashobora kwitwa ko ariko Asaba Ubuhungiro?.....	6
3.3 Dibule “Dublin” ni iki?	7
3.4 “Ingingo ntabanduka” bisigura iki?.....	7
3.5 Ni ryari bavuga ko umuntu yasavye ubuhungiro mu nyuma?	7
3.6 Ibikuranga kameremere ni ibiki?	7
4. Inzira ukurikiza mu gusaba gukingirwa.....	8
4.1 Ni hehe usaba gukingirwa ku rugero mpuzamakungu?	8
4.2 Ni ryari gusaba ubuhungiro bitangura?	8
4.2.1 Kwimenyekanisha n’ukwandikwa.....	8
4.2.2 Kumenyeshya ko utanguye gusaba ubuhungiro.....	13
5. Ivyo nkeneye bidasanzwe bitegerezwa kwitabwaho?.....	16
6. Duble (Amasezerano ya Duple “Dublin”)?	17
6.1 Ni ryari Duple ikurikizwa?	18
6.2 Ndashobora kurungikwa ku nguvu mu gihugu vyagaragaye ko arico gitegerezwa kwiga ivy’ugusaba ubuhungiro kwanje?.....	18
7. Nzokwumvirizwa n’Urwego rujewe Abanyamahanga (OE) ?	19
7.1 Umukozi n’umusiguzi bajewe iki?.....	19
7.2 Ukwumvirizwa bifasha iki?	20
7.3 Ugusozera kwumviriza	21
7.4 Ugutegerezwa gufashanya.....	21
7.5 Ukwumvirizwa bizoba bitunganijwe gute?.....	22
8. Ni izihe nyandiko uhabwa?	23
8.1 MU gihe ukiri mu nzira y’ugusaba ubuhungiro	23
8.2 Inyuma y’ukwemererwa ubuhungiro	24
8.3 Inyuma yo kuronka ugukingirwa bibayabaye	24
8.4 Inyuma yokwankirwa guhabwa ubuhungiro.....	25
9. Ndashobora guhindura umwidondoro wanje ?	26
10. Ndi umwana kandi nta muntu wundi twazananye mu gusaba ubuhungiro, novyifatamwo gute?.....	26
11. Noba mfise uburenganzira bwokuronka umushingwamanza anyunganira mu gusaba ubuhungiro?	28
12. Aho umuntu ashobora kwitura mu gihe agomba kuronka canke kumenyeshya amakuru.....	29
13. Ndashobora kugumizwa mu kigo mu gihe nkiri mu nzira y’ugusaba ?	30
14. Urwego rujewe Abanyamahanga (OE) rukoza iki amakuru andaba bwite ?... 30	
15. Amashuri akorekaye	31

1. Ugukingira ku rugero mpuzamakungu mu Bubiligi

Umunyamahanga wese ari ku butaka bw'Ububiligi arashobora gusaba ubuyobozi bubifitiye ububasha mu Bubiligi gukingirwa ku rugero mpuzamakungu.

Hari inzego nyinshi zifise uruhara muri ico gikorwa:



Urwego rujejwe abanyamahanga (OE)

Urwego rujejwe abanyamahanga (OE) rufise ububasha mu bijanye no kuronswa uburenganzira bwo kwinjira ku butaka, guhabwa indaro, kuba no kwirukanwa mu Bubiligi.

Urwego rujejwe abanyamahanga rwandika abasaba ubuhungiro rukongera rukemeza nimba ari Ububiligi canke ikindi gihugu c'Ubumwe bwa Bulayi gitegerezwa kwiga ivy'ugusaba ubuhungiro.

<https://dofi.ibz.be/>



Komisariya nkuru ijejwe impuzi n'abadafise ubwenegihugu (CGRA)

Komisariya nkuru ijejwe impuzi b'abadafise ubwenegihugu ni urwego rufise ububasha bwo kwihweza Ivyo gusaba ubuhungiro. Iraheza igasuzuma ko bikenewe.

<https://www.cgra.be/>



Sentare ica imanza z'abanyamahanga (CCE)

Sentare ica imanza z'abanyamahanga ifatwa nka sentare ica imanza za Leta. Mu gihe umunyamahanga atemera ingingo yafashwe n'urwego rujejwe abanyamahanga canke Komisariya Nkuru ijejwe Impuzi n'Abadafise Ubwenegihugu, ashobora kwunguruza kuri iyo ngingo akitura Sentare Nkemuramatati n'abanyamahanga.

Iyo Sentare iraha igatanga inyishu kuvyo yashikirijwe. Ifise kandi ububasha bwo gutanga ubuhungiro canke gufata ingingo yo gukingira bibayabaye.

Irashobora kandi gufata ingingo yo gusubiza inyuma mu rwego rujejwe abanyamahanga canke muri Komisariya Nkuru ijejwe Impuzi n'Abadafise Ubwenegihugu mugihe hakenewe ayandi matohoza.

<https://www.rvv-cce.be/>



Sentare mpanuzwajambo y'igihugu (CE)

Ni Sentare ishobora kwiturwa mukwunguruza ingingo zafashwe na Sentare ica imanza z'abanyamahanga.

<https://www.conseildetat.be/>



Ikigo c'igihugu kijejwe kwakira no kwitaho abasaba ubuhungiro (fedazile)

Fedazile ijejwe kwakira Abasaba ubuhungiro. Iragenzura kandi iga-suzuma amagara y'abasavye gukingirwa ku rugero mpuzamakungu. Vyongeye kandi, ico kigo kirafasha kubashaka gusubira mu gihugu baturutsemwo.

<https://www.fedasil.be/>

2. Ni ryari wosaba ubuhungiro mu Bubiligi?

Ushobora gusaba Ubuhungiro mu Bubiligi mu gihe ubangamiwe n'itotezwa canke kugirirwa nabi hamwe wosubira mu gihugu uturukamwo.

Hategerezwa kubanza kumenya igihugu kigize umuryango gishinzwe kwiga ivy'ugusaba ubuhungiro.

Mu gihe Ububiligi busanze ari bwo bwene kwiga ivy'ugusaba ubuhungiro kwawe, Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu ibanza mbere ya vyose gusuzuma ko urekuriwe gusaba ubuhungiro. Bikaba atarivyo, irasuzuma ko ushobora kuronka ugukingirwa bibayabaye.

**Ido n'ido ingingo
ya 6. Dublé**

GUHABWA UBURENGANZIRA BW'IMPUNZI

Urashobora guhabwa uburenganzira bwo kuronka ubuhungiro mu gihe utinye gutotezwa kubera ubwoko bwawe, idini, ubwenehugu, ivyiyumviro vya politiki canke kuba uri mu murwi kanaka canke kandi mu gihe udashobora kwizera gukingirwa n'ubutegetsi bwawe.

Ivyo bipimo vyasobanuwe mu masezerano y'i Jeneve yo ku wa 28 Mukakaro 1951 (yitwa kandi "Amasezerano mpuzamakungu akingira impunzi").



UGUKINGIRWA BIBAYABAYE

Iyo udakwije ibisabwa ku mpunzi, ariko ukaba ugifise ivyotuma ugirirwa nabi bikomeye mu gihe usubiye mu gihugu ukomokamwo, urashobora guhabwa uburenganzira bwo gukingirwa bibayabaye.

Kugirirwa nabi bikomeye bisigura:

- igihano cy'urupfu canke kwicwa; canke
- kuborezwa igufa canke ibikorwa bigayitse canke bitesha agaciro bihabwa uwasubiye mu gihugu akomokamwo; canke kandi
- iterabwoba rikomeye ku buzima canke ku muntu w'umusivili kubera ukujaniranya mu gihe c'intambara yo hagati mu gihugu canke mpuzamakungu.

3. Ivyiyumviro bimwe bimwe bihambaye

3.1 GUSABA UBUHUNGIRO NI IKI?

Iyo usavye gukingirwa ku nzego mbiligi kubera ubangamiwe canke ushobora kugirirwa nabi bikomeye hamwe wosubira mu gihugu ukomokamwo, uraheza ugasaba gukingirwa ku rugero mpuzamakungu.

3.2 NINDE BAVUGA KO ARIKO ASABA UBUHUNGIRO?

Mu gihe wasavye ubuhungiro ku nzego mbiligi zibijewe, witwa uwasavye ubuhungiro gushika aho ingingo ntabanduka izofatwa kuvyo wasavye.

3.3 DUBLE NI IKI ?

Ido n'ido ingingo ya 6. Dublé

I Bulaya, nturukuriwe kwitorera igihugu wipfuzwa kuronkamo ubuhungiro. Amategekako abigenga yiswe Dublé aratomora “*igihugu Dublé*” gitegerezwa kwiga ugusaba ubuhungiro. Umaze gusaba gukingirwa ku rugero mpuzamakungu mu Bubiligi, ibiro bijejwe abanyamahanga birihweza nimba ari Ububiligi canke ikindi “*gihugu Dublé*” gitegerezwa kwiga ivyo wasavye.

3.4 « INGINGO NTABANDUKA » BISIGURA IKI?

Iyo ingingo yafashwe kuvyo wasavye (*ni kuvuga kuguha canke kutaguhira ubuhungiro*) kandi bikaba bitagishoboka ko wunguruza kuri iyo ingingo (*nkuko bitegekanywa n'ibwirizwa rigenga abanyamahanga*), ica yitwa ingingo ntabanduka.

3.5 NI RYARI BAVUGA « UGUSABA KWO MU NYUMA GUKINGIRWA KU RUGERO MPUZAMAKUNGU » ?

Bavuga “*ugusaba kwo mu nyuma ubuhungiro*” iyo wamaze gusaba mu Bubiligi gukingirwa ku rugero mpuzamakungu hanyuma ingingo ntabanduka igafatwa ugaca ubisaba ukundi gusha.

Ukwo usubiye gusaba -ukabitanga inyuma y'ingingo ntabanduka kuvyo wari warasavye- yitwa “*gusaba kwo mu nyuma*”.

3.6 IBIKURANGA KAMEREMERE NI IKI ?

Ku wasavye ubuhungiro wese, harafatwa ibimuranga kameremere. Navyo ni amakanda vy'intoke n'ishusho ryo mu maso (*kurya kw'ifoto ya karangamuntu*).

Ivyo bishobora gukoreshwa mu gusuzuma ko ari we ata mwanya bitwaye.

4. Inzira ukurikiza mu gusaba ubuhungiro

4.1 NI HEHE USABA UBUNGIRO?

Wipfuzza gusaba ubuhungiro mu Bubiligi, utegerezwa kurenguka mu maguru masha wewe nyene ku biro vy’Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE).

Birashoboka no gusaba gusaba ubuhungiro :

- Ku **mupaka** ku bategetsi bajejwe uruja n’uruza rwo ku mipaka
- Mu **kigo gishirwamwo** abahonyanze amategeko ku bakozi begukira Urwego rujejwe Abanyamahanga
- Mw’**ibohero** ku muyobozi waryo

4.2 NI RYARI IYO NZIRA ITANGURA ?

Inzira yo gukurikiza iri mu mice itatu :

- Kwimenyekanisha
- Kwandikwa
- Gushikiriza icipfuzo co gusaba ubuhungiro

Ku muce wose, birakenewe ko uba uhari.

4.2.1 Kwimenyekanisha no kwandikwa

Mu gihe uri ku butaka bw’Ububiligi kandi ukaba wipfuzza ubuhungiro, utegerezwa kwimenyekanisha ku rwego rujejwe abanyamahanga. Ushobora guca utanga ivyipfuzo vyawe.

Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rubishoboye, ruca rwandika uyo musu nyene ivyo usavye.

Igihe co kwandikwa, uraronka insiguro kuvyerekeye inzira ivyo gusaba bifata. Iyo nzira ntitangura ataruko watanze ivyipfuzo vyawe.

Iyo gushikiriza ivyipfuzo vyawe bidakunda uwo musu, urahabwa icemezo co kwimenyekanisha. Urwo rwandiko ni icemezo c'uko wasavye ubuhungiro. Guhera uwo musu witwa uwasavye ubuhungiro.

Kwandika bigizwe na :



Gushirako umwidondoro

Mu gihe co kwandika, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rurashirako umwidondoro (*izina, iritazirano, amatariki y'amavuka, aho wavukiye n'igihugu cawe*), ni vyiza kwisunga ibiri ku mpapuro zikuranga ufise.

Iyo atabikuranga nyezina ufise canke ifoto yavyo, handikwa ivyo uvuze.



Kuronka ayandi makuru ahambaye

Kugira ruheraheze kwandika, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rurasuzuma kuva ryari uri mu Bubiligi, nimba usanzwe ufise aho uba canke ko ukeneye kwakirwa.

Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rurakubaza kandi ko ukeneye gufashwa n'umusiguzi w'ururimi muri iyo nzira yo gusaba ubuhungiro.



Gusuzuma ivyotuma umuntu afatwa nk'uwufise ibimubangamiye

Mu gihe c'ukwandikwa, urabazwa ibibazo ku ntege nke ushobora kuba ufise. Mu ntumbero yo kukwakira n'ibigiye gukurikira, birahambaye ko uvuga ivy'intege nke woba ufise kugira vyisungwe..



Kumenyesha uwusaba ubuhungiro uburenganzira bwiwe n'ivyategekwa

Ka musavyi w'ubuhungiro, urafise uburenganzira ku bintu bimwe bimwe ariko hariho n'ivyo utegerezwa.

Kubw'ivyo, urafise uburenganzira bwo **kwakirwa** kandi ushobora **guhambwa ubufasha bw'ibikoresho**.

Nk'uwusaba ubuhungiro, **urakingiwe n'ugusubizwa inyuma**. Ivyo bisigura ko kubisanzwe udashobora gusubizwa mu gihugu c'amamuko mu kiringo cose ugusaba ubuhungiro kwawe kuzomara, kiretse ibitegekanijwe n'ibwirizwa rigenga abanyamahanga.

Vyongeye, inzego mbiligi ntizishobora na rimwe mu kiringo c'ugusaba ubuhungiro, kuvugana canke gutanga ibikwerekeye ku butegetsi bubijewe bw'igihugu ukomokamwo.

Uramenya : uburenganzira bwo kwakirwa burafise aho bugarukira.

Nk'uwusaba ubuhungiro, urindirirwako kandi kuvuga ukuri igihe cose c'ubwo busabe kandi **ko ugaragaza ugushaka gukorana n'ababijewe**.

Mu gihe ufise **ibikuranga, utegerezwa** kuvyerekana vuba bishoboka ku bategetsi babijewe mu gihe c'iyandikwa.

Urasabwa kandi gutanga vuba bishoboka ico cose cofasha abategetsi babijewe, mu gihe c'iyandikwa. Kwirengagiza inyandiko canke kwimana inyandiko zimwe zimwe bishobora kuba ikimenyetso co kwanka kwifadikanya n'ababijewe.

Kwanka kwifatikanya n'ababijewe bishobora gutuma ugumizwa mu kigo umwanya wose wo kwiga ivyo wasavye canke kuyiga gihutihuti na Komisariya Nkuru ijewe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu, mu gihe ari Ububiligi bubijewe.

Mugihe co kwandika ivyo usaba, uramenyeshwa ivyo ufitiye uburenganzira n'ivyo ubwirizwa



Inyandiko zihambaye ni izihe ?

Inyandiko zose zijanye n'imyaka yawe (*harimwo n'iz'abagize umuryango wawe vyega*), umwidondoro wawe, amamuko yawe, igihugu n'aho wahora uba, amakuru ku handi wari warasavye ubuhungiro, inzira wacyemwo mu rugendo, n'ibindi, uratanga urwandiko rwose rushobora kwerekana ingorane mwahuye mu gihugu waje uvamwo.



Gufata umwidondoro w'umwimerere

Mu gihe c'iyandikwa muvuyo gusaba ubuhungiro, umukozi w'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) aragufotora akagufata n'amakanda y'intoke. Gufata amakanda y'intoke bifasha Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) gusuzuma ko uzwi n'urwo rwego canke n'ikindi gihugu gikuririkiza amategeko yitwa « Dublé ».

Ifoto yawe irashirwa kuri dosiye yawe kandi izoca iboneka ku nyandiko zose uzohabwa n'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) mu ntumbero yo kwiga ivyo wasavye.



Amakuru arambuye muyasanga ku rubuga ngurukanabumenyi bw'ikigo c'igihugu gishinzwe abanyamahanga (OE)



<https://tinyurl.com/dpipresentationENG>

Aho ubariza :

Ikigo c'igihugu gishinzwe abanyamahanga (OE)
Igisata kijejwe ivyo gusaba ubuhungiro
e-mail : registration@ibz.fgov.be

4.2.1 Ugutangura gusaba ubuhungiro

Umusi wo kwandikwa canke mu misi 30 itarenga ikurikira ukwimenyekanisha, urashobora gushikiriza ivyipfuzo kuvyaho usaba.

Mugihe co gushikiriza ivyipfuzo, hari ivyaha amategeko agusaba gukurikiza.



Kuba uba mu Bubiligi

Uwusaba ubuhungiro wese ategerezwa kuba aha mu Bubiligi. Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rurakubaza aho uba. Hashobora kuba ari aho uba bwite canke ku mushingwamanza wawe, ku bagenzi, mu muryango wawe n'ahandi mu Bubiligi.

Niho Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) na Komisarariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu barungika ikete iryariryo ryose rijanyeho n'ivyo usaba (*ni kuvuga amakete yo kukurengutsa, ivyo arivyo bakubaza, ingingo yasohotse n'ibindi*).

Iyo utamenyesheje aho uba, ni kuri Komisarariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu hafatwa ko ariho uba maze ikete ryose rikarungikwa aho. Muri icyo gihe, utegerezwa kwama wahaciye kugira ngo utore ubutumwa bwawe.



Urwo rwandiko urusanga ku rwandiko rw'ingereka (anegisi) 1 no ku rubuga rw'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE):

<https://tinyurl.com/dpiformsENG>



Ni itegeko kumenyesha Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) na Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu iyo uhinduye aho uba.

Hari urwandiko rwabigenewe wuzuzwa ukarurungikira Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) na Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu ubicishije mu buryo bwa posita (rokomande).



Uramenya: Iyo uhinduye aho uba kandi ntubimenyeshe canke ntubimenyeshe kare Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) na Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu, ivyo bishobora kugira ingaruka mbikugusaba ubuhungiro kwawe. Ikete ryawe ryose rizorungikwa ahanyuma hazwi ko ariho uba, bisigura ko hariho ubutumwa bumwe bumwe utazoronka canke uzoronka utevye

FR | NL



Kumenyesha ururimi uzokoresha

Mu gihe co gusaba ubuhungiro, ushobora kumenyesha ururimi ruzokoresha. Ni igifaransa canke ikineyerlandé (igifarama).

Niwaba uzi neza igifaransa canke ikineyerlandé, ushobora kutoramwo rumwe muri izo.

Akaba ata narumwe uzi neza, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) nirwo ruzokugenera ururimi uzokoresha hisunzwe ibikenewe ku kazi no mu nzego.

Ururimi rumaze kugenwa, nirwo ruzoguma rukoreshwa gushika ivy'ugusaba ubuhungiro kwawe biheze, haba mu Rwego rujejwe Abanyamahanga canke muri Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu.



Gutanga urwandikongereka rwiswe anegisi 26/ 26 kwinkwiyesi

Mu gihe co gushikiriza ugusaba ubuhungiro kwawe, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) ruraguha urwandiko ngereka rwiswe anegisi 26 (*iyo ari ubwambere*), canke anegisi 26 kwinkwiyesi (*iyo ari ubwo hanyuma*).

Kuri urwo rwandiko hariko umwidondoro n'ifoto vyawe. Urwo rwandiko ni icemezo ko wasavye ubuhungiro.

Nubwo biri ukwo, si karangamuntu kandi si icemeza amamuko yawe.



Uramenya :

Utitavye ubutumire bwo gushikiriza ivy'ugusaba ubuhungiro kwawe, bica biherera aho. Guhera ubwo, ntuba ukiri uwusaba ubuhungiro.

Ariko iyo wipfufuje gusubira gusaba ubuhungiro, dosiye yawe baca bayugurura.

5. Ivyankenyerwa vyanje vy'umwihariko bizofatirwako?

Urumvirizwa mu gihe c'inzira wafashe kugira inzego zibijewe zishobore kubona neza ingorane zawe n'imvo z'ico usaba. Abasavye bategerezwa kugira amahirwe amwe yo gushikiriza ivyabashikiye ku buryo bwiza bushoboka kugira ngo ivyo basaba bishobore gusuzumwa neza.

Umukozi w'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) aruzura muri kumwe urupapuro rw'ibibazo kugira murabe ko hokwitwararikwa ivyankenerwa bimwe bimwe vy'umwihariko vyawe mu kuguha akanya ko gushobora kuvuga neza bishoboka ivyagushikiye mu buryo bwiza bushoboka. Afatiye ku nyishu zawe, umukozi w'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) arasuzuma ko ari ngombwa gutegekanya ingingo zo gushigikira vy'umwihariko zifatiye kuvyagushikiye.

Kwishura neza ataco wirengagije ku bibazo umukozi akubaza no kumuha ivyo vyose vyokwerekana ivyo ukeneye biri mu nyungu zawe. Hazoca hashobora kwitwararikwa ivyagushikiye mu nzira yo kwiga ivyo usaba.

Uzoba ushobora kumenyesha ivyo vyose woronka mu nyuma muri iyo nzira yo kwiga ivyo usaba.



6. Duble (amasezerano ya Duble “Dublin”) ?

Kuba mu Bubiligi no kuba warashikirije ivyipfuzo vyawe vyo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu ntibisigura ko Ububiligi bwaciye buno nyene buvyiga.

I Bulaya hari amategeko yo kugena igihugu kijejwe kwiga ubusabe bwo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu. Ayo mategeko yashizweho mu citwa **itegeko Duble**.

Tubisanga: itegeko 604/2013 y’Inama nshingamateka ya Bulaya n’Inama mpanuzwajambo yo kuwa 26 ruheshi 2013 ishira ivyisungwa n’uburyo bwo kugena igihugu kigize umuryango kijejwe kwiga ubusabe bwo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu bwashikirijwe muri kimwe mu bihugu vy’umuryango n’uwuwa mu kindi gihugu canke uwudafise ubwengehugu.



Ingingo ziri muri iryo tegeko zikurikizwa n’ibihugu 31 harimwo Ububiligi.

Imbere yo gushobora kwiga imvo zatumye uhunga, ni ngombwa hagenwe igihugu – hisunzwe itegeko Duble - gitegerezwa kwiga ubusabe bwawe bwo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu.



Mu gihe co kwandika ubusabe bwawe, uzoronka agatabu kiswe « Narasavye ubuhungiro mu muryango w’ubumwe bwa Bulaya - ni ikihe gihugu kijejwe kwiga ugusaba ubuhungiro kwanje?» karimwo amakuru y’ido n’ido.



Ako gatabu kari mu ndimi nyinshi kandi ugasanga ku rubuga ngurukanabumenyi rw’Urwego rujewe Abanyamahanga (OE):

<https://tinyurl.com/DPIDublinENG>

6.1 NI RYARI HAKURIKIZWA DUBLÉ ?

Itegeko Duple ritegekanya ivyisungwa vyinshi bifatirwako kugira hafatwe ingingo yo gutangura kwihweza ko ata Duple ihari. Uyo mwihwezo wisungu amakuru ahari nk'inyandiko z'umwidondoro, amakanda y'intoke, amakuru inzego mbiligi zironka ku bindi bihugu vy'umuryango, reka n'ivyo wivugije.



Uzoronka agatabu «Ndi munzira ya Dublé- bisigura iki?» ni ryari ingingo ifatwa yo gutangura umwihwezo Dublé ku busabe bwanje ?

Ako gatabu karahari mu ndimi nyinshi kandi kaboneka no ku rubuga nguru-kanabumenyi rw'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE):



<https://tinyurl.com/DPIDublinENG>

Muri uyo mwihwezo, bigaragaye ko Ububiligi atari bwo bujejwe kwiga ubusabe bwawe bwo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu, **ingingo ikwankira kuhaba no kuva ku butaka** uca uyimenyeshwa. Muri ico gihe, utegerezwa guca ugenda ku bushake mu gihugu kijejwe kukwakira.

Mu gihe Ububiligi busanze ari bwo bujejwe kwiga ubusabe bwawe, Urwego rujejwe Abanyamahanga ruzurungika dosiye yawe - bishobotse ubanje gusubira kwumvirizwa - muri Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenebihugu, ikazokwihweza ivyipfuzo biri mu busabe bwawe.

6.2 NDASHOBORA KURUNGIKWA KU NGUVU MU GIHUGU C'UMURYANGO KIJEJWE UGUSABA UBUHUNGIRO KWANJE ?

Ego birashoboka mu bihe bimwe bimwe.

Muri ico gihe, ushobora kugumizwa mu kigo cugaye kugira bikunde kukurungika mu gihugu c'umuryango kijejwe kwiga Ugusaba ubuhungiro kwawe.

7. Nzokwumvirizwa n’urwego rujejwe abanyamahanga (OE) ?

Uwusaba ubuhungiro wese arumvirizwa n’Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) bidatevye inyuma yo gushikiriza ivyipfuzo. Ukwumvirizwa gushobora kuba uyo musu wo gusaba ubuhungiro canke igihe bishobokeye inyuma yo gushikiriza ivyipfuzo. Birashoboka ko uwusaba asabwa kuzorenguka munyuma.



Uramenya : udashobora kurenguka kw’isango ritegekanijwe, utegerezwa kubimenyesha Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) kare hashoboka. Ariko imvo ushikiriza zitegerezwa kuba zumvikana. Akarorero, utegerezwa gutanga urupapuro rwa muganga mu gihe urwaye.

Mu gihe utarengutse ku biro vy’Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) mu misi itarenga 15- ikurikira aho waronkeye ubutumwa bwo kurenguka- uca ufatwa nk’uwahevyeye ivyo gusaba ubuhungiro. Muri ico gihe, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rurashobora gufata ingingo yo kugutegeka kuva ku butaka.

7.1 UMUKOZI N’UMUSIGUZI BAJEJWE IKI ?

Umukozi arongoye igikorwa co kwumviriza arasigura mu ntango ico ajejwe n’ico umusiguzi ajejwe.

Warasavye ubufasha bw’umusiguzi mu gihe co gushikiriza ivyipfuzo, uyo azoba ahari umwanya wose wo kwumvirizwa.

Umusiguzi ajejwe gusigurira umukozi w’Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) ivyo uvuze atarenze akarimbi ku buryo bwizewe. Umusiguzi ntashobora kwinjira ubwiwe muri dosiye yawe, nta no gutanga icyumviro ku vyo uvuze. Vyongeye, ntashobora kugira uruhara mu ngingo yafashwe. Umwanya wose ategerezwa kugendera ukuri no kudahengama kandi

akisunga ingendo yubahiriza ibanga ry'akazi.

Mu gihe co mu ntango canke bariko barumviriza habaye ukutumvikana n'umusiguzi (*nk'akarorero udategera neza umusiguzi*), utegerezwa guca ubimenyesha vuba bwango.

Mu gihe hari imvo zatumye uhunga ku bwawe ubona ko vyoba vyiza uzibwiye umukozi/ umusiguzi w'umugabo/umugore, birabereye ko ubimenyesha vuba cane.

Umukozi ajejwe kukwumviriza arakubwira imbere y'igihe amaherezo, ingene bigenda n'ico bakurindiriyeko.

7.2 NI AYAHE MAHEREZO YO KWUMVIRIZWA?

Ingene wumvirizwa biva kuvyo wacyemwo. Ibishoboka ni vyinshi.



Kwumvirizwa mu ntumbero y'ivya Dublé

Hakaba hariho ivyerekana ko Ububiligi ataribwo bujejwe kwiga ugusaba ubuhungiro kwawe, uzokwumvirizwa mu ntumbero y'ivya Dublé.

Umukozi ajejwe kurongora ukukwumviriza abanza kwegeranya umwidondoro w'uwusaba, ko akiri umusore/ inkumi canke yubatse/yahukanye/yapfakaye, abagize umuryango wiwe, inzira yazananye gushika mu Bubiligi, n'ibindi.

Amakuru akenewe yo kumenya igihugu co mu muryango kijejwe kwiga ubusabe aregeranywa.



Kwumvirizwa igihe co gusaba ubuhungiro ubwambere

Iyo ari ubwambere usavye ubuhungiro kandi akaba ata kimenyetso na kimwe c'uko hari igihugu co mu muryango kijejwe kwiga ubusabe bwawe, umukozi ajejwe kukwumviriza aregeranya ubwambere amakuru ajanye

n’umwidondoro, ko ukiri umusore/inkumi canke wubatse/wahukanye/wapfakaye, abagize umuryango wawe, inzira wazananye gushika mu Bubiligi, n’ibindi .

Vyongeye, umukozi aragenzura ari kumwe n’uwusaba ibibazo vyose vya Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n’Abadafise Ubwenegihugu (*ivyo bibazo biragaruka ku mvo zatumye uwusaba ahunga*) kandi akandika inyishu z’uwusaba.



Kwumvirizwa ubwo munyuma

Mu gihe uwusaba aba aza yarigeze gusaba gukingirwa ku rugero mpuzamakungu mu Bubiligi, umukozi arongoye kwumviriza ntasubira gusuzuma imvo zambere zatumye uhunga, ahubwo yibanda ku bintu bishasha no ku mvo zatumye uwusaba atashoboye gushikiriza ivyo bishasha hakiri kare. Uwusaba ategerezwa kwerekana igituma, yisunze bishasha, yumva ategerezwa kuronka uburenganzira bwo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu.

7.3 GUSOZERA KWUMVIRIZA

Inyuma yo kwumvirizwa ivyo wavuze birasomwa mw’ijwi ryo hejuru (*bibaye ngombwa hifashishijwe umusiguzi*). Kuri iyo ntambwe, urashobora gukosora, guhindura canke gutanga umuco ku bintu bimwe bimwe. Uca usabwa gutera umukono ku cegeranyo co kwumvirizwa. Uremeza ko ibirimwo uyemera.

Nubwo biri ukwo, iyo wanse gushirako umukono ku mvo iyi canke iriya, umukozi aravyandika muri ico cegeranyo co kwumvirizwa. Aranashiramwo imvo zatumye utipfuzwa gushirako umukono.

7.4 UGUTEGEREZWA KWIFATIKANYA

Umukozi arongoye kwumvirizwa arakwibutsa mu ntango ko utegerezwa kwifatikanya nawe muri ico gikorwa.

Ka musavyi, utegerezwa kuvuga ukuri umwanya wose n’ukwifatikanya n’abategetsi ukwo ushoboye. Vyongeye, ni ngombwa kwerekana vuba

hashoboka inyandiko zituma ugaragaza umwidondoro wawe n'amamuko yawe (*ndetse n'ubwenegihugu bwawe*), inzira wazananye n'imvo zatumye uhunga. Utegerezwa kwereka rero Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) vuba gashoboka inyandiko zose ufise (*vyiza zoba atari izafotowe*).

Vyongeye utegerezwa gukora ibishoboka kugira uronke ivyemezo, bishobotse ukifashisha abagize umuryango wawe canke abandi bantu bo mu gihugu iwanyu canke b'ibindi bihugu.

Ukwanka kwifatikanya kwose, ibinyoma vyose canke kugerageza guhuvya abategetsi bishobora kugira ingaruka mbi kw'isuzumwa ry'ubusabe bwawe.

7-5 UKWUMVIRIZWA BIZOTUNGANYWA GUTE ?

Ku bisanzwe, ukwumvirizwa biba igihe cose ku muntu ahari mu biro bijejwe abanyamahanga ; umukozi, uwusaba ubuhungiro n'umusiguzi bikenewe baba bari mu cumba kimwe kugira wumvirizwe.

Ariko Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rurashobora gufata ingingo yo gutunganya kukwumviriza utahari mu gihe vyagoranye ko uhashika canke bidakunda. Muri ico gihe, ushobora kwumvirizwa muri kure na kure mu buryo bwa videwo hagati yanyu (*rero muba muri mu bibanza bitandukanye*) biciye mu muhora ukingiye kandi w'ibanga.

Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rwitwararika igihe cose yuko ukwumvirizwa muri kure na kure bikorwa mw'ibanga, ni ukuvuga muri ahugaye hatandukanye ata bandi bantu bahari wumvirizwa uhari canke muri kure na kure.

Ivyo kwabura amajwi canke amasanamu birabujijwe.

Iyo wumva ko atari vyiza ko wumvirizwa vya kure na kure, ufatiye ku mvo z'umwihariko zikwerekeye, utegerezwa kubimenyeshya igihe co kwandikisha ubusabe kandi ukavuga igituma atari vyiza. Umukozi araheza akitondera insiguro zawe akazibika muri dosiye. Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) ruzokwihweza ko izo nzitizi zumvikana.

Ni muri icyo ntumbero na ntaryo azokwitwararika ivyankenerwa vyawe vy'umwihariko.

Mu gihe naho Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rusanze ivyo washikirije bitagira ifatiro, ruzoguhamagara rugusigurire. Bibaye ngombwa, rutunganye kukwumviriza vya kure na kure.

Bisigura ko uzomenyeshwa mu gihe ciza ko hategekanijwe kukwumviriza vya kure na kure . Uzoronka n'amakuru nkenerwa ajanye n'ingene kwumvirizwa bigenda.

Mu gihe co kwandikwa uzoronka ido n'ido ry'ingene ukwumvirizwa vya kure na kure bigenda kandi ukaronka n'umwanya wo gushikiriza inzitizi.



Ido n'ido kuvyo kwumvirizwa, ushobora kubisoma ku rubuga rw'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) :

<https://tinyurl.com/DPIAuditionENG>



8. Ni izihe nyandiko uhabwa ?

8.1 MU GIHE UKIRI MU NZIRA YO GUSABA UBUHUNGIRO

Umaze gushikiriza ivyipfuzo vyawe, utegerezwa kwimenyekanisha muri Komine ubamwo mu kiringo kitarenza imisi 8 y'akazi wibangikanije anegisi 26/26 kwinkwi.

Nimba bwari ubwambere usavye gukingirwa ku rugero mpuzamakungu, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rwaraguhaye anegisi 26. Komine ubamwo izoca iguha, yisunze urwo rwandiko, **icemezo co kwiyandikisha** kimara ikiringo c'amezi 4 guhera aho ubisabiye. Komine izohora yongerako ikindi kiringo c'amezi 4 kiretse Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) ruvyanse.

Nimba wasavye gukingirwa ku rugero mpuzamakungu **ubwo hanyuma**, wararonse anegisi 26 kwinkwi. Urwo rwandiko rurongerezwa ikiringo n'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) gushika aho Komisariya Nkuru

ijejwe Impunzi n’Abadafise Ubwenegihugu ifashe ingingo ku busabe bwawe.

Icemezo co kwiyandikisha ushobora kukironka gusa iyo Komisariya ijejwe impunzi n’abadafise ubwenegihugu yemeje ko ubusabe bwawe ari ubwo kwakirwa. Bibaye ngombwa, anegisi 26 kwinkwi ntizosubira kwongerezwa ikiringo ariko ushobora kuronswa icemezo co kwiyandikisha na Komine ubamwo.

8.2 INYUMA YO KURONKA UBUHUNGIRO

Iyo Komisariya Nkuru Ijejwe Impunzi n’Abadafise Ubwenegihugu canke Sentare Nkemuramatati n’Abanyamahanga (CCE) ikwemeje ko uri impunzi, uca uronka icemezo c’impunzi. Utegerezwa guca uja kwimenyekanisha muri Komine ubamwo wibangikanije ico cemezo. Yisunze urwo rwandiko, Komine ica ikwandika mu gitabu c’abanyamahanga ikanakuronsa ikarata A (*y’icumbi rifise aho rigarukira*) y’ikiringo c’imyaka 5.

Inyuma y’imyaka 5 guhera igihe wasaba gukingirwa, urashobora kuronka icumbi ry’igihe cose. Bishobotse, utegerezwa kubisaba muri Komine ubamwo ko uronswa ikarata B. Ubwo busabe buzokwigwa n’Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE)

8.3 INYUMA YO KURONKA GUKINGIRWA BIBAYABAYE

Iyo Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n’Abadafise Ubwenegihugu canke Sentare Sentare ica imanza z’abanyamahanga ifashe ingingo y’uko ukingiwe bibayabaye, utegerezwa guca uja kuri Komine ubamwo wibangikanije iyo ngingo, igaca ikwandika, yisunze ico cemezo, mu gitabu c’abanyamahanga ikanakuronsa ikarata A (*Ikwemerera kuba mu Bubiliggi mu mwanya ufise aho ugarukira*) y’ikiringo c’imyaka 1. Iyo karata ishobora kwongerezwa ikiringo c’imyaka 2 na Komine incuro 2 bidaciye mu rwego rujejwe abanyamahanga. Ugusaba kwongerezwa ikiringo c’ikarata A bitegerezwa gukorwa mu misi iri hagati ya 30 na 45 imbere y’uko ikarata itakaza ikiringo cayo muri Komine ubamwo.

Inyuma y’imyaka 5 uherye igihe washikiriza ivyipfuzo vyawe, urashobora kuronka icumbi ry’igihe cose. Bishobotse, utegerezwa kubisaba muri Komine ubamwo ko uronswa ikarata B. Ubwo busabe buzokwigwa n’Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE).

8.4 INYUMA YO KWANKIRWA GUKINGIRWA KU RUGERO MPUZAMAKUNGU

Ingingo ntabanduka imaze gufatwa ku busabe bwawe, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) ruraguha ku bisanzwe itegeko ryo kuva ku butaka na Komine, bibaye ngombwa, rukakwaka ca cemezo co kwiyandikisha.

Itegeko ryo kuva ku butaka ritangwa iyo :

- Ikiringo co kwunguruza ku ngingo ya Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n’Abadafise Ubwenegihugu caheze kandi ata kwunguruza vyabaye
- Sentare Nkemuramatati n’Abanyamahanga (CCE) yafashe ingingo mbi kw’iyungururizo ryawe.

Inyuma y’ubusabe bwo hanyuma bwakabiri (*n’ubwagatatu*) itegeko ryo kuva ku butaka rishobora gutangwa ubwo nyene iyo hafashwe ingingo ko ubusabe bwawe butakiriwe na Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n’Abadafise Ubwenegihugu, nihaba iyunguruza ridashidikanywako.

Itegeko ryo kuva ku butaka riratomora ryari utegerezwa kuba wavuye kuri ubwo butaka.

Mu gihe uba warigeze kuronka itegeko ryo kuva ku butaka muri kahise wirengagije, Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rushobora gufata ingingo yo kutaguha ingingo nshasha ariko **bikagarukana imwe yambere**.

Bibaye ngombwa, ushobora kwongererezwa ikiringo c’imbere y’uko uba wavuye ku butaka.

Itegeko ryo kuva ku butaka canke kugarukana ingingo yambere ubimenyeshwa ata guca hiryana no hino ku muhana usanzwe uzwi.

9. Ndashobora guhinduza umwidondoro wanje ?

Mu gihe uriko urasaba ubuhungiro usanze harimwo amakosa mu mwidondoro wawe, urashobora gusaba Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) kuyakosora. Ivyo ushobora kubisaba igihe co kwumvirizwa ubwambere; umukozi arasuzuma muri kumwe ivyanditse watanze hanyuma akakubaza ko bishemeye. Bibaye ngombwa rugashobora guhindura.

Ariko bishitse ugashaka guhindura ku ntambwe ikurikira, bishoboka gusa werekanye igitabu c'inzira mpuzamakungu kitaratakaza ikiringo.

10. Ndi Umwana adafise uwobazananye mu gusaba ubuhungiro, nokora iki?

Iyo ufise imyaka iri musu ya 18 ukaba utari kumwe n'abavyeyi canke umuntu yabigenewe mu gihugu cawe ngo aguhagararire mu gishingwe c'umuvyeyi, uzokwandikwa nk'umwana adahagarariwe. Ivyo bisigura ko umukozi w'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) yabinonosoye yuzuzura muri kumwe ifishi izorungikirwa Ikigo kijejwe Kurera.

Ikigo kijejwe Kurera ni urwego mu Bubiligi rwihweza umwidondoro wawe hanyuma rukakugenera umurezi.



Ido n'ido ku vyo ico kigo kijejwe, ubisanga ku rubuga ngurukanabumenyi :

<https://tinyurl.com/dpiTutellesFR>



Iyo umaze igihe kinini mu Bubiligi, birashoboka ko irindi shirahamwe riba ryaramaze kukwandikisha muri icyo kigo kijewe kurera kandi ukaba waramaze kuronka umurezi.



Uramenya: mu gihe c'amadidane ku myaka yawe, hashobora gufatwa ingingo y'ibipimo vya muganga. Urashobora kwitwarira icyo ngingo -ifatwa inyuma y'inyishu y'ibipimo- muri Sentare Mpanuzwajambo y'Igihugu (CE).

Umurezi wawe azoguma aguhagarariye igihe cose. Bisigura ko azoza araronka amakete yose yo kuguhamagaza, ayagusaba umuco n'ingingo zafashwe kuri wewe. Nicyo gituma, bikenewe ko umurezi aba ahari igihe cose co kwumvirizwa gitegekanywa n'Urwego rujewe Abanyamahanga (OE). Umurezi adahari kwumvirizwa ntibishoboka.

Kwumvirizwa ku Urwego rujewe Abanyamahanga (OE) bizakorwa n'umukozi yanonosoye icyo kwumviriza abana. Ibibazo bibazwa biri ku rugero rw'imyaka yawe.



Mu gihe co kwandika ivyipfuzo vyawe, uraronka amakuru y'inyongera ajanye navyo. IBIKURIKIZWA KU MWANA ADAHAGARARIWE ASABA UBUHUNGIRO MU BUBILIGI biri no mu ndimi nyinshi ku rubuga rwa Komisariya Nkuru ijeje Impunzi n'Abadafise Ubwenehugu ikurikira :

<https://www.cgrs.be/en/publications>



11. Ndashobora kwifashisha umushingwamanza mu gihe nkiri mu nzira y'ugusaba ?

Urashobora kwifashisha umushingwamanza muri icyo gihe nkiri mu nzira y'ugusaba gukingirwa ku rugero mpuzamakungu. Uburyo bisaba ni ku giti cawe.

Iyo kubera ata buryo ufise, udashoboye kurondera umushingwamanza, umwanya uwariwo wose urashobora gusaba umushingwamanza wo ku buntu. Umushingwamanza wo ku buntu ni umushingwamanza wironderera canke ugenerwa. Ntaco uriha umushingwamanza wo ku buntu. Ariko utegerezwa kwerekana ko uriko urarondera gukingirwa ku rugero mpuzamakungu wisunze anegisi 26 canke anegisi 26 kwinkwi.

Uramenya :
Iyo bigaragaye ko warufise uburyo, utegerezwa gusubiza igice canke uburyo bwose warihiwe muri icyo gihe nkiri mu nzira y'ubuntu.



Ka musavyi wo gukingirwa ku rugero mpuzamakungu, urashobora no kuronka ubufasha kuy'imanza. Ubwo bufasha butuma hagabanywa uburyo bisaba.

Vyongeye, hariho inani z'amashirahamwe akunganiyemwo n'amashirahamwe karuhariwe muvuye gufasha impunzi.

KOMISARIYA NKURU IJEJWE IMPUNZI KU RWEGO MPUZAMAKUNGU (UNHCR) ririta ku rutare kugira ngo agateka k'impunzi kubahirizwe.



Muzosanga amakuru ya KOMISARIYA NKURU IJEJWE IMPUNZI KU RWEGO MPUZAMAKUNGU ku rubuga ngurukanabumenyi rwaryo : <https://www.unhcr.org/be>



12. Nosubira mu gihugu c'amamuko gute ?

Ukaba wipfuzaga gusubira mu gihugu wavuyemwo mu gihe cyo kurondera ubuhungiro canke inyuma yaho, urashobora kubisaba ubicishije muri porogarama yo gusubira inyuma ku bushake igengwa na FEDAZILE.



Ido n'ido, mushobora gusoma ku rubuga ngurukanabumenyi rukurikira :

<https://www.voluntaryreturn.be/>



Iyo udafise/utagifise ibicuranga bikenewe kugira usubire mu gihugu c'amamuko, utegerezwa kuja ku buserukizi bw'igihugu cawe. Ushobora kuronkayo igitabu mpuzamakungu c'inzira canke murekarengane.



Urutonde rw'ubuserukizi bw'ibihugu n'aho/ukwo uharondera biri ku rubuga ngurukanabumenyi mu kigabane c' «ubuserukizi» :

<http://diplomatie.belgium.be>



Ukeneye gusubira mu gihugu c'amamuko ubutarariye, ushobora no kubariza mu gisata cyo gusubira inyuma ku bushake c'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) mukwandika ibaruwa ngurukanabumenyi kuri :

return@ibz.fgov.be

13. Ndashobora kugumizwa mu kigo mu gihe nkiri mu nzira y'ugusaba ubuhungiro ?

Ibwirizwa rigenga abanyamahanga rirateganya kw'Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rushobora gufata ingingo, mu bihe bimwe bimwe, yo kukugumiza mu kigo cugaye.

Umusavyi yagumijwe mu kigo cugaye arashobora kuvyanka, buri kwezi, mukwitura Inama isasa ngo yige ikibazo c'ipfungwa iri muri Sentare y'Intango (*Igisata c'Ikosorero*), ugaheza ugasaba kurekurwa. Urwandiko rwo kubisaba rwisunga amategeko yihariye abigenga.

14. Urwego rujejwe abanyamahanga (oe) rukoza iki amakuru andaba bwite ?

Urwego rujejwe Abanyamahanga (OE) rwitwararika gukingira amakuru akuraba yakoreshejwe mu kwubahiriza itegeko rikuru riraba gukingira amakuru araba abantu bwite.

Muzobona amakuru make kuri RGD canke inyungu z'OE mu bijanye n'umutekano w'amakuru [HANO](https://dofi.ibz.be/en/about-us/processing-personal-data/transparency-information-data-subject/transparency-international) canke mukisoma ikodi QR ikurikira:



<https://dofi.ibz.be/en/about-us/processing-personal-data/transparency-information-data-subject/transparency-international>

15. Amashuri akorekaye



Urwego rujewe Abanyamahanga (OE)
Pacheco
Boulevard Pacheco, 44
1000 Bruxelles

Infodesk
T +32 2 488 80 00

infodesk@dofi.fgov.be
www.dofi.fgov.be
www.ibz.fgov.be



Komisariya Nkuru ijejwe Impunzi n'Abadafise Ubwenegihugu (CGRA)
Eurostation
Rue Ernest Blerot 39
1070 Bruxelles

T + 32 2 205 51 11

cgra.info@ibz.fgov.be
www.cgra.be



Sentare ica imanza z'abanyamahanga (CCE)
Laurentide
Rue Gaucheret 92-94
1030 Bruxelles

T + 32 2 791 60 00

info.rvv-cc@ibz.fgov.be
www.rvv-cc.be



Inama mpanuzwajambo y'Igihugu (CE)
Rue de la Science 33
1040 Bruxelles

T + 32 2 234 96 11

info@raadvst-consetat.be
www.raadvst-consetat.be



Fedazile
Rue des Chartreux 21
1000 Bruxelles

T + 32 2 213 44 11

info@fedasil.be
<https://www.fedasil.be/>



Ikigo kijejwe abana badafise ababitayeho
Boulevard de Waterloo 115
1000 Bruxelles

T + 32 78 15 43 24

tutelles@just.fgov.be
<https://justitie.belgium.be/>



Komisariya nkuru ijejwe impunzi Ku rwego mpuzamakungu (UNHCR/ACNUR Belgium)
Avenue Louise 283
1050 Bruxelles

T + 32 2 627 59 99

belbr@unhcr.org
<https://www.unhcr.org/be>

Editeur responsable : Freddy Roosemont - Boulevard Pacheco 44, 1000 Bruxelles - BCE 0308.356.862

- Ne pas jeter sur la voie publique -